

The University of the State of New York
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ANVIWONMAN FIZIK SYANS LATÈ

Mèkredi, 22 jen 2005 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

Sa a se yon egzamen sou konesans ou nan Syans Latè. Itilize konesans sa a pou ou reponn tout kesyon ki nan egzamen an. Yo ba ou *Tablo Referans Syans Latè* yo apa. Ou kapab bezwen *Tablo* sa yo pou ou reponn sèten kesyon. Ou dwe sèten ou gen *edisyon 2001* tablo referans yo avan ou kòmanse egzamen an.

Dènye paj egzamen an se fèy repons pou pati A ak pati B-1. Ale nan dènye paj la, pliye li sou liy ki pwenyè a, epi detache fèy repons lan dousman ak anpil prekosyon. Ansuit bay enfòmasyon yo mande nan antèt fèy egzamen an.

Ou dwe ekri repons pou kesyon ki nan pati B-2 ak pati-C a nan liv repons yo bay apa a. Pa bliye ranpli antèt ki sou kouvèti liv repons lan.

Suiv esplikasyon yo bay nan liv egzamen an pou ou reponn *tout* kesyon ki genyen nan tout pati egzamen sa a. Ekri repons pou kesyon nan Pati A ak kesyon chwa miltip nan Pati B-1 yo nan fèy repons ou te detache a. Ekri repons pou kesyon ki nan Pati B-2 ak kesyon nan Pati C yo nan liv repons lan. Ou dwe sèvi ak plim pou ou ekri repons yo, men ou dwe sèvi ak kreyon pou ou trase graf oubyen pou ou fè desen. Ou gen dwa itilize papye bouyon pou ou chèche repons kesyon yo, men ou dwe ekri tout repons yo nan fèy repons lan ak nan liv repons lan.

Lè ou fin fè egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki anba fèy repons lan. Deklarasyon ou siyen an vle di ou pa t genyen kesyon yo ak repons yo alavans, ou pa t bay poul, ou pa t pran poul nan egzamen an. Nou pap pran fèy repons ou an ni nou pap pran liv repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

Atansyon. . .

Lekòl la dwe genyen kalkilatis senp oubyen kalkilatis syantifik, ak *Edisyon 2001 Tablo Referans Syans Latè* ki disponib pou elèv yo itilize lè y ap pran egzamen an.

Itilizasyon aparèy kominikasyon entèdi pandan egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an pap valab ankò e ou pap resevwa nòt pou li.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEVWA SIYAL LA POU OUVRI L.

Pati A

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Eksplikasyon (1–35): Pou *chak* deklarasyon oubyen *chak* kesyon, ekri sou fèy papye repons apa yo ba w la *nimewo* mo osnon ekspresyon ki ale pi byen ak repons la. Ou kapab bezwen itilize *Tablo Referans Syans Latè yo* pou ou reponn sèten kesyon.

1 Ki twa planèt ak Lalin Latè ki ranje yon fason pou ogmante dyamèt ekwatoryal?

- (1) Lalin Latè, Pliton, Mas, Mèki
- (2) Pliton, Lalin Latè, Mèki, Mas
- (3) Mèki, Mas, Lalin Latè, Pliton
- (4) Mas, Mèki, Pliton, Lalin Latè

2 Si aks Tè a te panche sou 35° olye 23.5° , tanperati mwayen nan Leta Nouyòk t ap

- (1) desann pandan ete ak ivè
- (2) desann pandan ete epi monte pandan ivè
- (3) monte pandan ete epi desann pandan ivè
- (4) monte pandan ete ak ivè

3 Ki etwal ki klere pi fò epi gen yon tanperati pi ba pase Solèy la?

- | | |
|-----------------------|--------------------------|
| (1) <i>Rigèl</i> | (3) <i>Alfa Senntori</i> |
| (2) <i>Etwal Bana</i> | (4) <i>Aldebaran</i> |


4 Limyè zetwal ki sot nan galaksi ki lwen yo bay prèv inivè ap vin pi laj paske limyè zetwal sa a montre yon chanjman nan longè omn lan nan sans

- (1) limyè-wouj nan bout espèk ou wè a
- (2) limyè-ble nan bout espèk ou wè a
- (3) rayon ultra-vyolèt nan bout espèk elektwomayetik la
- (4) rayon-gama nan bout espèk elektwomayetik la

5 Ki jou nan ane a entansite ensolasyon nan Kingston, Nouyòk, ka pi fò?

- | | |
|------------|----------------|
| (1) 21 Mas | (3) 23 Septanm |
| (2) 21 Jen | (4) 21 Desanm |

6 Dyagram anba a reprezante òbit eliptik lalin nan k ap vire sou yon planèt (oubyen otou yon planèt). Fwaye òbit la se pwen F_1 ak F_2 .



(Desine ak echèl)

Ki eksantrisite apwoksimatif òbit eliptik sa a?

- | | |
|---------|---------|
| (1) 0.3 | (3) 0.7 |
| (2) 0.5 | (4) 1.4 |


7 Ou jwenn klima ki pi frèt sou Latè nan pòl yo oubyen tou pre pòl yo paske rejyon polè Latè yo

- (1) resevwa pi piti ang ensolasyon
- (2) resevwa mwens klète pou tout ane a
- (3) absòbe plis kantite ensolasyon
- (4) yo toujou pi lwen Solèy la

8 Konpare ak yon zòn ki pa pre dlo, yon zòn ki pre lakòt yon oseyan ki gen menm elevasyon ak menm latitud ka gen

- (1) ivè fre ak ete fre
- (2) ivè fre ak ete cho
- (3) ivè cho ak ete fre
- (4) ivè cho ak ete cho


9 Dyagram anba a reprezante yon pandil Fouko k ap balanse pou kont li pandan 8 tè de tan.



Pandil Fouko a sanble li chanje direksyon l ap balanse tanzantan akòz

- (1) òbit latè ozalantou Solèy la
- (2) sifas latè koube
- (3) aks latè panche
- (4) latè ap vire sou aks li



10 Dyagram anba a montre lonbraj yon elèv ak yon pye bwa bay nan zòn midi yo.




Si lè a se midi solè epi elèv la nan Leta Nouyòk, nan ki direksyon elèv la bay fas li?

- (1) nò
- (2) sid
- (3) lès
- (4) lwès

11 Dyagram anba a reprezante Lalin lan nan òbit li, jan yo wè li anlè tèt Pòl Nò a. Pozisyon 1 a reprezante yon zòn espesifik Lalin lan nan òbit li.



Ki faz Lalin lan ou ka wè lè w sou Latè lè Lalin lan nan pozisyon 1 a?




12 Lè li fè fre lannuit, pifò enèji oseyan sou Latè yo voye nan lespas se

- (1) reyon iltra-vyolèt
- (2) reyon gama
- (3) reyon limyè ou ka wè
- (4) reyon enfrawouj

13 Peyizaj ki gen soubasman anfòm orizantal, pant apik, epi gwo elevasyon klase kòm

- (1) reyon plato
- (2) reyon plèn
- (3) reyon tè plat
- (4) reyon mòn

14 Kilès kat ki pi byen reprezante chema valè izoba yo, an miliba, epi chema kouran dè, flèch yo montre a, nan sifas Latè, kote gen yon sant ba presyon nan Emisfè Nò a?



15 Yon obsèvatè mezire tanperati lè a ak tanperati kondansasyon an, li jwenn diferans ant yo de a se 12°C. Inèdtan apre, diferans ant tanperati lè a ak tanperati kondansasyon an te 4°C. Ki deklarasyon ki dekri pi byen chanjman ki fèt yo?

- (1) Imidite relatif la t ap desann epi chans pou lapli tonbe t ap desann.
- (2) Imidite relatif la t ap desann epi chans pou lapli tonbe tap monte.
- (3) Imidite relatif la t ap monte epi chans pou lapli tonbe t ap desann.
- (4) Imidite relatif la t ap monte epi chans pou lapli tonbe t ap monte.


16 Ki de kouran oseyan yo ki cho epi ki prensipalman koule lwen ekwatè a?

- (1) Kouran Ginen ak Kouran Labradò
- (2) Kouran Brezil ak Kouran Agulhas
- (3) Kouran Alaska ak Kouran Falkland
- (4) Kouran Kanari ak kouran Gulf Stream


17 Ki kondisyon sifas tè ki pèmèt plis dlo lapli rantre nan tè a?

- (1) pant apik ak tè ki pran dlo
- (2) pant apik ak tè ki pa pran dlo
- (3) pant plat ak tè ki pran dlo
- (4) pant plat ak tè ki pa pran dlo

18 Kat anba a montre yon rivyè k ap koule nan yon lamè, ki fòmè yon Delta.



Ki graf ki montre pi byen relasyon ant distans rivyè delta nan lamè an ak gwoèsè sediman an mwayèn ki depoze nan oseyan an?




- 19 Ki pwosesis ki ka mennen direktman nan fòmasyon pyè pons?
- (1) presipitasyon mineral ki evapore sòt nan dlo lanmè
 - (2) metamòfis engredyan nan wòch ki poko fonn
 - (3) depo sab kwatz
 - (4) eksplozyon lav ki sòti nan yon vòlkan

- 20 Wòch sa a yo montre anba gen yon teksti an fòm fèy epi li gen mineral sa yo: anfibòl, kwatz, ak fèldspa ki ranje nan bann gwo grenn.



Ki wòch sa a?

- (1) adwaz
 - (2) dinit
 - (3) genès
 - (4) kwatzit
- 21 Foto anba a montre kristal ki fòme ansanm (yon fason kote yonn antre nan lòt) nan yon wòch pegmatit.



(Vrè gwosè)

Ki karakteristik ki bay pi bon prèv pegmatit sa a vin solid fon anba tè?

- (1) dansite ki ba
- (2) koulè pal
- (3) konpozisyon fèlsik
- (4) teksti gwo grenn anpil

- 22 Ki wòch inye, lè li kase, ka bay sediman ki konpoze ak mineral potasyòm feldspa, kwatz, ak anfibòl?
- (1) gabro
 - (2) granit
 - (3) andezit
 - (4) bazal

Sèvi ak foto anba a pou reponn kesyon 23 ak 24. Foto a montre plizyè echantiyon yon mineral san koulè ki kase.



- 23 Ki pwopriyete fizik mineral la ou wè pi byen nan foto a?
- (1) kase
 - (2) dite
 - (3) tras
 - (4) klivaj
- 24 Ki mineral yo pi kapab montre nan foto a?
- (1) kwatz
 - (2) kalsit
 - (3) galena
 - (4) alit

- 25 Gran chan chabon yo jwenn nan Pennsilvani bay prèv klima nan Nòdès Etazini te pi cho pandan peryòd kabonifè a. Pi bon eksplikasyon pou chanjman ki fèt nan klima a apre yon tan se
- (1) mouvman plak tektonik yo
 - (2) efè sezon yo
 - (3) chanjman moun lakòz nan anviwonman an
 - (4) evolisyon lavi


26 Ki tanperati yo sijere ki nan limit manto Latè ki pi di a ak nwayo ekstèn nan?

- (1) 2,500°C (3) 5,000°C
 (2) 4,500°C (4) 6,200°C

27 Ki koulè espèk vizib la ki gen om ki pi kout?

- (1) vyolet (3) jòn
 (2) ble (4) wouj

28 Dyagram anba a montre echanj ant de plak tektonik.



(Pa desine ak echèl)

Ou plis jwenn kalite limit plak sa yo ki nan dyagram nan ant

- (1) Plak Antatik ak Plak Afriken
 (2) Plak Antatik ak Plak Endyen-Ostralyen
 (3) Plak Sid Ameriken ak Plak Nazka
 (4) Plak Sid Ameriken ak Plak Afriken


29 Lè yon (1) gram dlo a tanperati 0° Sèlisyis jele pou fòmè glas, ki kantite kalori chalè antou dlo a pèdi?

- (1) 1 (3) 80
 (2) 0.5 (4) 540

30 Bò ki dlo nan Leta Nouyòk gen gwo kantite soubasman metamòfik ki parèt sou dlo a?

- (1) Bò lwès Lak Chaplen
 (2) Bò lès Lak Erye
 (3) Bò sid Long Island Sound
 (4) Bò sid Lak Ontaryo


31 Ki graf ki montre pi byen dezintegrasyon radyoaktif kabòn-14?



32 Ki pousantaj konsa nan laj Latè È Senozoyik la reprezante

- (1) 1.4% (3) 11.9%
 (2) 5.0% (4) 65.0%


33 Koup tranvèsal jeolojik anba a montre laj jeolojik de kouch wòch ki separe pa yon diskòdans.




Diskòdans anba kouch wòch Siliryen an montre gen yon espas nan tan jeolojik la. Ki pi piti tan, an milyon ane, espas sa a montre?

- (1) 13 (3) 101
 (2) 47 (4) 126


34 Dyagram anba a reprezante chema yon drenaj dlo rivyè.




Ki estrikti soubasman ki anba a ki kapab bay chema drenaj dlo rivyè sa a?




(1)



(3)



(2)



(4)

35 Lè w fè konparezon ak yon mas lè twopikal maritim, yon mas lè polè maritim gen


- (1) tanperati pi wo ak plis vapè dlo
- (2) tanperati pi wo ak mwens vapè dlo
- (3) tanperati pi ba ak plis vapè dlo
- (4) tanperati pi ba ak mwens vapè dlo

Pati B-1

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Eksplikasyon (36–50): Pou *chak* deklarasyon oubyen *chak* kesyon, ekri sou fèy repons apa yo ba w la *nimewo* mo osnon ekspresyon ki ale pi byen ak repons la. Ou ka bezwen itilize *Tablo Referans Syans Latè yo* pou ou reponn sèten kesyon.

Sèvi ak kat anba a pou reponn kesyon 36 jiska 38. Kat la montre nivo presyon lè nan lanmè, an miliba, pou yon pati nan kòt lès Amerik di Nò. Pwen A, B, C ak D se pozisyon nivo lanmè yo sou sifas Latè a.



- 36 Ki enstriman tan yo sèvi pou mezire presyon lè yo?
- | | |
|-------------|--------------------------|
| (1) tèmomèt | (3) sikwomèt ak rotasyon |
| (2) jiwèt | (4) bawomèt |
- 37 Ki pozisyon ki kapab anrejistre pi gwo vitès van an?
- | | |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |
- 38 Presyon lè ki anrejistre nan pwen D a te kapab
- | | |
|-------------|-------------|
| (1) 1014 mb | (3) 1010 mb |
| (2) 1012 mb | (4) 1006 mb |

Sèvi ak atik jounal ki anba a ak konesans sou Syans Latè ou genyen pou reponn kesyon 39 jiska 41.

Lagratèl fosilize yo jwenn nan Wiskonsin

Moun k ap chache fosil yo te dekouvri pi gwo koleksyon lagratèl pèsonn pa janm jwenn, ladan koleksyon an genyen pi gwo fosil lagratèl yo pa janm jwenn.

Rès bèt po mou tankou lagratèl ra anpil pou jwenn paske yo pa gen zo, dapre enfòmasyon revandè fosil Dan Damrow, James W. Hagadorn ki nan Enstiti Teknoloji Kalifòni ak Robert H. Dott Jr. nan inivèsite Wiskonsin nan Madison bay lè y ap dekri dekouvèt la nan jounal Jeoloji.

Karyè nan Mosinee, Wis, kote yo jwenn rès yo, te yon ti letan pandan peryòd kambryen an, sa fè mwaye yon bilyon ane konsa. Chèchè yo fè konnen lagratèl yo te kapab mouri apre yon mare sovaj oubyen yon siklòn fin pase. Chèchè yo fè konnen tou rès lagratèl yo te pètèt prezève akòz mank ewozyon dlo lanmè ak van, epi pat gen ravagè.

Hagadorn deklare, “Li ra anpil pou dekouvri yon kagezon ki plen tou sèl ak lagratèl. Lagratèl sa yo pa sèlman laj pou peryòd kambryen an, men se lagratèl ki pi laj yo janm jwenn nan tout istwa fosil yo.”

Washington Post, Janvyè 2002

39 Nan ki kalite wòch yo te pi kapab jwenn Lagratèl fosilize sa yo?

- | | |
|----------------|-----------|
| (1) wòch sable | (3) pons |
| (2) granit | (4) adwaz |


40 Ki de òganis maren ki te plis kapab viv nan menm tan ak lagratèl sa yo?

- | | |
|--------------------------------|-----------------------------|
| (1) krinoyid ak dinozò | (3) brachyopòd ak gastwopòd |
| (2) amonoyd ak pwason plakodèm | (4) anfiyen ak eryptid |

41 Ki prèv ki fè sava yo kwè yon mare oubyen yon siklòn voye lagratèl sa yo sou yon plaj?

- (1) Te gen vi primitif kite egziste 500 milyon lane anvan.
 - (2) Wòch ki te gen lagratèl yo te gen estrikti kristal defòme.
 - (3) Fosil rasin bwa yo sanble yo te pike epi pliye.
 - (4) Gwo mak pli yo te jwenn nan fosil ki gen kouch wòch yo.
-

Sèvi ak kat topografik ki anba a pou reponn kesyon 42 jiska 44. Pwen A, B, C, D, ak X reprezante pozisyon sou kat la. Elevasyon yo mezire an pye.







42 Ki pi gwo elevasyon posibilite pou pwen X nan Mòn Wòch?

- | | |
|---------------|---------------|
| (1) 1,599 pye | (3) 1,601 pye |
| (2) 1,600 pye | (4) 1,699 pye |

43 Ki gradyan mwayen pant la sou liy CD?

- | | |
|----------------|------------------|
| (1) 100 pye/mi | (3) 500 pye/mi |
| (2) 250 pye/mi | (4) 1,000 pye/mi |

44 Ki koup transvèsal ki pi byen reprezante pwofil la sou liy dwat AB?



Sèvi ak kat ki anba a pou reponn kesyon 45 jiska 47. Kat la montre rejyon basen vèsan yo nan Leta Nouyòk.



45 Nan ki kalite peyizaj ou jwenn basen vèsan Susquehanna-Chesapeake ak Delaware

- | | |
|-----------|-------------|
| (1) plèn | (3) mòn |
| (2) plato | (4) tè plat |


46 Nan ki basen vèsan ou jwenn rivyè Genesee?

- | | |
|----------------------------|-------------------|
| (1) Ontario-St. Lawrence | (3) Mohawk-Hudson |
| (2) Susquehanna-Chesapeake | (4) Delaware |

47 Majorite sifas soubasman basen vèsan Ontario-St. Lawrence te fòmè pandan ki tan jeolojik?

- (1) Anvan-Kanbryen ak Kanbryen
- (2) Òdovisyen, Siliryen ak Devonyen
- (3) Misisipyen, Pennsilvanyen, ak Pèmyen
- (4) Tryasik, Jirasik, ak Kretase

Sèvi ak kat ki anba a pou reponn kesyon 48 jiska 50. Kat la montre yon imaj egzajere Latè k ap vire ozalantou Solèy la. Lèt *A*, *B*, *C*, ak *D* montre pozisyon Latè nan òbit li premye jou nan chak nan 4 sezon yo.



(Pa desine ak echèl)

48 Ki pozisyon nan òbit Latè a ki montre premye jou otòn pou yon moun ki nan Leta Nouyòk?

- | | |
|--------------|--------------|
| (1) <i>A</i> | (3) <i>C</i> |
| (2) <i>B</i> | (4) <i>D</i> |

49 Apeprè ki to revolisyon Latè ozalantou Solèy la ye

- | | |
|------------------------|------------------------|
| (1) 1° pa jou | (3) 15° pa lè |
| (2) 360° pa jou | (4) 23.5° pa lè |

50 Ki obsèvasyon ki bay pi bon prèv Latè ap vire ozalantou Solèy la?


- (1) Lè w sou Latè zetwal yo parèt tankou yo antoure *Etwal Polè* a.
- (2) Efè Koryolis la detounen van planetè Latè a.
- (3) Chanjman gwo vag lanmè pou ti vag ap fèt tout tan.
- (4) Lè w sou Latè ou wè plizyè konstelasyon zetwal nan diferan moman nan ane a.

Pati B-2

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Eksplikasyon (51–65): Reponn kesyon yo nan espas yo bay nan ti liv repons ou an. Ou kapab bezwen itilize *Tablo Referans Syans Latè* yo pou ou reponn sèten kesyon.

Sèvi ak koup transvèsal anba a pou reponn kesyon 51 jiska 53. Koup transvèsal la montre yon fwon frèt tipik k ap avanse sou Leta Nouyòk nan kòmansman ete a.




51 Eksplike poukisa lè cho ak imid sa a ap monte nan limit fwontal la. [1]

52 Bay *yon* pwosesis ki lakòz nyaj yo fòme nan lè k ap monte a. [1]


53 Nan koup transvèsal sa a Kanada santral se rejyon sous jeografik pou mass lè cP a. Nan koup transvèsal la chèche sa k ta plis sanble rejyon sous jeografik pou mass lè mT a. [1]

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans syans Latè ou genyen pou reponn kesyon 54 jiska 57. Kat la montre pozisyon episant, (X), yon tranblemanntè ki te fèt 20 Avril 2002, 29 kilomèt konsa nan sidwès Plattsburg, Nouyòk.



- 54 Bay latitud ak lonjitud episant tranblemanntè sa a. Se pou repons yo *pi pre dizyèm nan yon degre* epi mansyone direksyon bousòl la. [1]
- 55 Ki *pi piti* nimewo estasyon sismografik yo bezwen pou lokalize episant yon tranblemanntè? [1]
- 56 Eksplike poukisa moun ki Perou, Nouyòk, te kapab santi tranblemanntè sa a ak plis entansite pase moun nan Lak Placid, Nouyòk. [1]
- 57 Yon estasyon sismik ki a 1,800 kilomèt de episant la te anrejistre onn *P* ak onn *S* ki se tan tranblemanntè sa a rive. Ki diferans ki te genyen ant tan premye onn *P* a ak tan premye onn *S* la rive? [1]

Sèvi ak koup transvèsal aflèman soubasman anba a epi ak konesans Syans Latè ou genyen pou reponn kesyon 58 jiska 60. Yo montre wòch karakteristik yo jwenn nan kèk wòch. Yo nimewote wòch yo sòti I jiska IX.




58 Nan espas yo ba ou pou sa nan ti liv repons ou a, bay laj apeprè wòch nimewo VII, VIII, ak IX, sèvi ak chif 1 jiska 3. Nimewo 1 an dwe idantifye wòch ki pi ansyen an epi nimewo 3 wòch ki pi jèn nan. [1]

59 Fosil yo montre nan wòch nimewo VIII se manm yon gwoup fosil ki disparèt. Bay de lòt fosil ki nan menm gwoup fosil ki disparèt yo. [1]


60 Dapre fosil yo montre nan kalkè ak kouch chis yo, di nan ki kalite anvivonman yo te mete wòch sedimantè sa yo. [1]

Sèvi ak dyagram anba yo pou reponn kesyon 61 jiska 63. Dyagram yo montre 3 kalite kouran dlo k ap koule ak menm volim.



- 61 Eksplike kòman diferans ant kanal kouran dlo tip 1 ak tip 3 montre vitès mwayen kourandlo yo pa menm. [1]
- 62 Eksplike poukisa deyò koub yon kanal meyann sibi plis ewozyon ke andedan koub la. [1]
- 63 Eksplike poukisa galèt ak gravwa kouran dlo sa yo pote vinn lis epi vin gen yon fòm won. [1]

Sèvi avèk egzanp chema estasyon ki anba a pou reponn kesyon 64 ak 65 yo. Chema a montre kondisyon tan an nan Wòchèsè, Nouyòk, a 4 trè aprèmidi yon jou nan mwa jen.



- 64 Dapre chema estasyon an, ki sa bon presyon atmosferik la te ye, *pi pre dizyèm yon miliba*? [1]
- 65 Nan ki direksyon bousòl epi ak ki vitès chema estasyon an montre van an t ap soufle? [1]

Pati C

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Eksplikasyon (66–83): Ekri repons yo nan espas yo bay pou sa nan ti liv repons ou a. Ou kapab bezwen itilize *Tablo Referans Syans Latè yo* pou reponn sèten kesyon.

Sèvi ak enfòmasyon ki nan tablo anba a pou reponn kesyon 66 ak 67 yo. Tablo a bay yon lis dyamèt aparàn solèy la, an minit ak segonn yon degre, jan yon obsèvatè ki nan Leta Nouyòk wè li. (Dyamèt aparàn vle di ki lajè yon moun wè yon objè nan je pa li.)

Dyamèt Aparàn Solèy la Pandan Ane a

Dat	Dyamèt Aparàn (' = minit " = segonn)
1 janvyè	32'32"
10 fevriye	32'25"
20 mas	32'07"
20 avril	31'50"
30 me	31'33"
30 jen	31'28"
10 out	31'34"
20 septanm	31'51"
10 novanm	32'18"
30 desanm	32'32"

66 Nan griy yo bay *nan ti liv repons ou a*, fè yon graf ak enfòmasyon ki nan tablo a pandan w ap make ak yon pwen dyamèt aparàn Solèy la pou *chak* dat ki la a epi w ap konekte pwen yo ak yon liy fen, koube. [2]

67 Eksplike poukisa dyamèt aparàn Solèy la chanje pandan tout lane a pandan Latè ap vire ozalantou Solèy la. [1]

Sèvi ak tèks ki anba a epi ak konesans sou Syans Latè ou genyen pou reponn kesyon 68 jiska 71.

N ap gade glasyè yo ki prale

Mòn glasyè ak tèt glasyè yo nan zòn twopikal yo nan lemon ap fonn vit epi yo kapab disparèt nèt nan ane 2020. Se move nouvèl sa a Léonie Thompson, yon jeològ nan Sant Rechèch Polè Byrd nan Inivèsite Leta Owayo tap bay ane pase a. Li ap etidye zòn glase tou pre ekwatè nan Amerik di Sid, an Afrik, ak nan Imalaya yo, pandan de dekad ki pase yo.

Ou pa bezwen yon syantis glasyè pou wè chanjman sa yo. Nan lane 1977, lè Thompson vizite tèt glasyè Kelkaya nan Perou, li te enposib pou li pa t wè yon wòch gwosè yon bis lekòl ki kwense anba glas la. Lè Thompson retounen an 2000, wòch la te toujou la men glas la pat la. Li te deplase byen lwen.

Majorite savan kwè glasyè yo ap fonn akòz chofaj global—ogmantasyon gradyèl tanperati a yo wè avèk plis kè sote pandan dènye dizan yo. Lane pase yon gwoup nan syantis ki pi enpòtan nan peyi a, Konsèy Nasyonan Rechèch, ekate tout dout ki te genyen sou fenomèn nan. Yo fè konklizyon tanperati sifas mwayèn global yo ap ogmante epi ap kontinye ogmante.

“Watching the Glaciers Go,”
Popular Science, vol. #7, Janvyè 2002

68 Bay *yon* gaz sè ki absòbe radyasyon enfrawouj pi byen epi ki kapab lakòz rechofman planèt la. [1]


69 Dekri aranjman sediman glasyè yo bay dirèkteman. [1]

70 Gen kèk glasyè ki egziste kounye a tou pre ekwatè Latè akòz klima frèt avèk lanèj ki genyen nan kèk zon yo. Ki kalite fòm tè ki egziste kote glasyè sa yo ye? [1]


71 Bay *yon* aksyon moun ka pran pou redwi rechofman planèt la k ap fonn tèt glasyè Kelcaya a. [1]

Sèvi ak kat ki anba a ak koup transvèsal Rejyon Finger Lakes epi ak konesans sou Syans Latè ou genyen pou reponn kesyon 72 jiska 75.

Rejyon Finger Lakes nan Leta Nouyòk



Wotè ak Pwofondè Finger Lakes nan Leta Nouyòk (mezi an pye)




- 72 Dapre koup transvèsal la, ki gwosè sedimna ki tonbe nan Lak Seneka a ye? [1]
- 73 Bay *yon* eksplikasyon posib pou oryantasyon Nò-Sid Finger Lakes. [1]
- 74 Pandan kèk ivè, kèk nan Finger Lakes pat jele menm si tè ozalantou lak sa yo te jele. Eksplike kouman chalè espesifik nan dlo a kapab lakòz lak sa yo pa jele. [1]
- 75 Bay *de* pwosesis ki rive fèt nòmalmman pou fòme kalite sifas soubasman yo jwenn nan Finger Lakes. [1]
-

Sèvi ak dyagram anba a yo bay nan ti liv repons ou a pou reponn kesyon 76 jiska 79. Dyagram nan montre kisa yon pechè ki te kite bato l nan yon ti zile dezè jou ki te 21 jen an te wè. Dyagram nan bay ki trajektwa aparant Solèy la ak pozisyon *Etwal Polè* a jan maren an te wè li sou zile a.

- 76 Nan dyagram yo bay *nan ti liv repons ou a*, desine yon flèch sou trajektwa 21 jen Solèy la pou montre direksyon mouvman aparant Solèy la depi li leve jis li kouche. [1]
- 77 Maren an te toujou sou zile a 23 septanm nan. Nan dyagram yo bay *nan ti liv repons ou a*, fè desen trajektwa aparant Solèy la pou 23 septanm, jan maren an te ka wè l. Asire w trajektwa 23 septanm nan montre bon altitud Solèy la a midi epi pou li kòmanse ak fini nan bon pwent yo nan orizon an. [2]
- 78 Dapre sa maren an wè, ki latitud zile a? Nan repons ou mete inite yo ak direksyon bousòl la. [1]
- 79 Maren an te wè gen 1 nè de tan diferans ant midi solè sou zile a ak midi solè dènyè fwa li te mezire lonjitud la sou bato li a. Kombyen degre lonjitud zile a ye pa rapò ak dènye degre lonjitud maren an te mezire sou bato li a? [1]
-

Sèvi ak kat lemonn ki anba a ak konesans sou Syans Latè ou genyen pou reponn kesyon 80 jiska 83. Lèt A jiska H reprezante zòn sou sifas Latè.



- 80 Eksplike poukisa pi fò tranblemanntè ki fèt nan kwout anba zòn B a pi fon pase pi fò tranblemanntè ki fèt nan kwout anba zòn C a. [1]
- 81 Eksplike poukisa zòn A gen plis chans pou gen pi gwo tranblemanntè pase zòn D a. [1]
- 82 Eksplike poukisa gen plis chans pou yon eripsyon volkanik fèt nan zòn E pase nan zòn F. [1]
- 83 Esplike poukisa laj jeolojik soubasman oseyanik la ogmante sòti nan zòn D rive nan zòn H. [1]

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ANVIWONMAN FIZIK
SYANS LATÈ

Mèkredi, 22 jen 2005 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

FÈY REPONS

Elèv Sèks: Gason Fi Ane

Pwofesè Lekòl

Ekri repons pou Pati A ak Pati B-1 nan fèy repons sa a.

Pati A

- | | | |
|----------|----------|----------|
| 1 | 13 | 25 |
| 2 | 14 | 26 |
| 3 | 15 | 27 |
| 4 | 16 | 28 |
| 5 | 17 | 29 |
| 6 | 18 | 30 |
| 7 | 19 | 31 |
| 8 | 20 | 32 |
| 9 | 21 | 33 |
| 10 | 22 | 34 |
| 11 | 23 | 35 |
| 12 | 24 | |

Part A Score

Pati B-1

- | | |
|----------|----------|
| 36 | 44 |
| 37 | 45 |
| 38 | 46 |
| 39 | 47 |
| 40 | 48 |
| 41 | 49 |
| 42 | 50 |
| 43 | |

Part B-1 Score

Ekri repons pou Pati B-2 ak Pati C nan liv repons lan.

Ou dwe siyen deklarasyon ki anba a lè w fin pran egzamen an.

Mwen fin pran egzamen an. Mwen deklare mwen pa t genyen repons yo ak kesyon yo ilegalman alavans. Mwen pa t bay poul, mwen pa t pran poul pandan egzamen an.

Koupe fèy papye sa a la a.

Koupe fèy papye sa a la a.

Koupe fey papye sa a la a.

Koupe fey papye sa a la a.